


## GONAÏVES DEBOUT

231 Ave des Dattes (Destours Laborde), Gonaïves, Haïti HT 4110 (Hôtel Family-Pradis)

Tél : +509 3212 4151 / 3636 4848

Courriel: [gonaivesdebout60@gmail.com](mailto:gonaivesdebout60@gmail.com) [www.gonayivdebouht.org](http://www.gonayivdebouht.org)



### NOT POU LAPRÈS

Komite Gonayiv Debou pa rete kanp ap gade san l pa mande ouvèti yon ankèt rapid serye endependan sou sikostans ki fè tout moun sezi jan Wilford Ferdinand avek Wisly kite mouri nan yon fiziyad nan lokalite kanal bwa seksyon kominal vil Gonayiv.

Fiziyad 2 mesye sa yo mete tout popilasyon an nan emosyon avèk piblik nan katye raboto kote ansyen manb fwon liberasyon Ti Wil te komandanl e li menm ankò ak gwoup li a te voye gouvènman lavalas la nan lit ame prezidan Jean Bertrand Aristide ale kanpe lwen lòtbò dlo .

Menm komite Gonayiv Debou sa a , gen tèt chaje anpil de yon evènman ke pyès moun pat atann ki ka boulvèse tout moun Gonayiv nan lapè yo , nan kraze ekonomi lokal la plis sitou pou ti machann yo ki pa gen anpil debouche lanse rapidman apèl sa a pou moun yo tanpere yo pou yo kapab debouche sou yon dyalòg djanm yon relasyon zòn ak zòn nan tout lokalite ki nan gonayiv yo, toujou nan sans sosyete sivil òganize nan Gonayiv janl toujou kondane avèk fòs lè yap pase dwa moun anba pye ki sanble a ekzekisyon san koz lejitim defans ki pa pase devan lajistis.

Konsa Komite Gonayiv Debou a mande nan ka sa a fòk pakè a mete aksyon piblik an mouvman san site non moun pou pa gen ankèt fòs kote.

Komite Gonayiv Debou a voye senpatil ak fanmi 2 viktim yo e li tou profite envite fòs lòd yo, sètadi lapolis pou yo aji kon sitwayen avize ki konn sa yap fè nan administrasyon lapolis la , fason yo pral konpòte yo a menm lè yo ta yon fòs pou arete bandi , mete yo nan sitiyasyon pou yo paka fè moun pè yo kon timoun ki pè kòn bëf nan tan madigra.

Popilasyon an pral konsidere yo kòm moun kap defann yo lajounen kon lannwit.

Nan sitiyasyon ke nou ye konnya la , nou menm ki nan Gonayiv kita renmen Gonayiv chanje jan Komite Gonayiv Debou konn ap repete l la , tout sektè gen pou premye devwa fè lapè , pa fè dezòd pou enterè vil la e tout lòt sektè yo menm lèl byen lwen ak kotew rete a .

Nou mande tout moun pou yo ta pran ti panse sa a ki ka fè Gonayiv tounen gwo Gonayiv :

YONN POU TOUT , TOUT POU YONN !!!



Ing. Ravel NORGAISSÉ  
Kòdonatè

Gonayiv, 17 septanm 2025